# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–15 अक्टूबर 2025** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ दीपावली परब के उपहार क तौर पर आजु प्रधानमंत्री उज्जवला योजना के तहत पंद्रह सौ करोड़ के धनराशि से उत्तर प्रदेस के एक करोड़ छियासी लाख पात्र परिवारन के गैस सिलेंडर रिफिल सब्सिडी बटलें। लखनऊ में आयोजित कार्यक्रम में उहां के कहलीं कि प्रदेस में प्रधानमंत्री उज्जवला योजना के तहत एक करोड़ छियासी लाख पात्र परिवारन के रसोई गैस सिलेंडर क मुफ्त कनेक्सन दिहल गइल हवे, सथही लाभार्थियन के साल में दुइ बेरि होली अउर दिवाली के मौका पर मुफ्त रसोई गैस सिलेंडरों दिहल जा रहल बा। मुख्यमंत्री दिवाली के मौका पर लोगिन से स्वदेसी उत्पाद खरीदले क अपीलि कइलें।

**मैं प्रदेशवासियों से कहूंगा दीपावली आ रही है दीपावली के अवसर पर लोग हर परिवार, भारतीय परिवार कुछ न कुछ खरीदता है। इस अवसर पर जो भी खरीदें वह स्वदेशी हो। हम किसी को उपहार भी दे रहे हैं वह भी स्वदेशी होना चाहिए। एक पैसा अगर मुनाफा जायेगा हमारे कारीगरों के हाथ में जायेगा। हस्तशिल्पियों के पास जायेगा, तो समृद्धि उनके पास भी आयेगी, और समृद्धि उनके पास भी आयेगी तो ये समृद्धि देश के काम आयेगी, विकसित भारत बनेगा।**

येह मौका पर बनारस अउर सुल्तानपुर के लेके प्रदेस के कई जिलनों में प्रधानमंत्री उज्जवला योजना में लाभार्थियन के मुफ्त सिलेंडर रिफिल के सब्सिडी के चिन्हा के तौर पर चेक बांटल गइल।

**********

प्रदेस सरकार राज्य के सूक्ष्म, लघु अउर मध्यम उद्यम के बढ़ावा देवे खातिर एमएसएमई प्रादेशिक पुरस्कार योजना सुरू कइले हवें। ऐह योजना के फायदा पावे बदे आवेदन कइले क आखिरी तारीख तीस अक्टूबर तय कइल गइल हौ। एह बारे में जनकारी देत सहायक आयुक्त, उद्योग उमेश वर्मा बतवले कि सूक्ष्म, लघु अउर मध्यम उद्यमियन के प्रोत्साहन देवे बदे एम.एस.एम.ई. प्रादेशिक पुरस्कार योजना के तहत बरिस 2025–26 खातिर आवेदन मांगल गइल बा। मैन्युफैक्चरिंग क्षेत्र के चौदह श्रेणियन में आवेदन पत्र भरल जा सकेला।

**********

रेल मंत्री अश्विनी वैष्णव आजु नई दिल्ली के भारत मंडपम में सोलहवां अंतर्राष्ट्रीय रेल उपकरण परदरसनी क उद्घाटन कइलें। ई एसिया क सबसे बड़हन अउर दुनिया क दुसरका सबसे बड़हन रेल परदरसनी हवे। येह मौका पर श्री वैष्णव कहलें कि पछिला ग्यारह सालि में प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी रेलवे के आधुनिकीकरण पर खास धियान दिहले हवें। उहां के कहलें कि येह समय के दौरान करीब पैंतीस हजार किलोमीटर क ट्रैक बनावल गइल बा। रेल मंत्री कहलें कि रेलवे एगो प्रमुख निरयात केन्द्र के तौर पर भी उभर रहल हवे अउर हलिये में भारत में बनल इंजन के अफ्रीका के निरयात कइल गइल।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी की ओरि से घोषित वस्तु अउर सेवा कर सुधार पछिला महिन्ना के बाइस तारीख से लागू हो गइल बा। प्रधानमंत्री एके 'बचत उत्सव' क नाव दिहले हवे, जेह से पूरा देस के फायदा मिल रहल हौ। वस्तु अउर सेवा कर सुधार के सकारात्मक प्रभाव पर एगो रिपोर्ट–

**हाले में भइल जीएसटी सुधार, कई गो उद्योगन में कर के दर के युक्तिसंगत बना के अर्थव्यवस्था के मजबूत कइले के दिसा में एगो खास कदम हौ। येह बदलावन में, अढ़ाई हजार रूपिया ले क हथकरघा सॉलि आ कपड़न पर जीएसटी क दर घटा के पांच फीसदी कइ दीहल गइल बा। एहसे बजारि में प्रतिस्पर्धा बढ़ी, बुनकरन क आय बढ़ी। येही तरियन सात हजार पांच सौ रूपिया ले क होटलन के कमरा पर कर क दर बारह फीसदी से घटा के पांच फीसदी कइ दीहल गइल हौ, एहसे पर्यटन क्षेत्र के बढ़ावा मिली अउर गाइड, होटल आ स्थानीय लोगिन के फायदा होई। एकरे अलावा, फर्नीचर आ हाथे से बनल समान पर अब बारह फीसदी के बजाय खाली पांच फीसदी कर लागी, जेहसे येह क्षेत्र से जुड़ल लोगिन के मददि मिली। आकाशवाणी दिल्ली से दिलनशी आरजू आ अमन यादव के रिपोर्ट के साथे समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।**

**********

अजोध्या में ओन्नइस अक्टूबर के होखे वाला नौवां दीपोत्सव क तैयारी जोरिया गइल हवे। येह बेरि राम के पैड़ी के छप्पन गो घाटन पर छब्बीस लाख से बेसी दीया बारल जाइ। कमिश्नर राजेश कुमार बतवलें कि पछिला साल पचीस लाख दीया बारि के विस्व रिकॉर्ड बनावल गइल रहे, जबकि येह बेरि छब्बीस लाख ग्यारह हजार एक सौ एक दीया बरले क लक्ष्य रखल गइल बा। श्री कुमार कहले कि दीपोत्सव में लेजर सो, ड्रोन सो अउर थ्रीडी प्रोजेक्सन आकर्षण क केन्द्र होइहें, सथही पर्यावरण के धियान में रक्खत ग्रीन आतिसबाजियो कइल जाइ। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ भगवान राम, सीता अउर लक्ष्मण के स्वरूप क स्वागत करिहें अउर राम कथा पार्क में उनकरे राज्यभिषेक क आयोजन कइल जाइ। साकेत महाविद्यालय से भगवान श्रीराम के जीवन प्रसंग पर आधारित शोभा जतरो निकारल जाइ।

**********

मौसम विभाग प्रदेस के पूरबी अउर पच्छिमी इलाकन में बाइस अक्टूबर ले मौसम सुस्क रहले क आगम जतवले हवे। विभाग के हिसाबि से आवे वाले पांच दिन ले प्रदेस में अधिकतम अउर न्यूनतम तापमान में कउनो बड़हन बदलाव भइले क आगम नइखे।

**********